*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 28 (25757)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 16 феврал — æртхъирæны мæйы 16 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД *Хъазахъхъæгты фарстатæм — æргом*

3 ЧИНГУЫТЫ ТÆРХÆГЫЛ *Ахуыргонды цыппар томы*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Аивадон гимнастикæ*

**Номарæн**

# Фæстаг хæст нæ уыдис

**Советон æфсад Афганистанæй куы ракодтой, уый номыл Цæгат Ирыстоны мемориалон афгайнаг парчы арæзт æрцыд номарæн мадзал. Уым архайдта нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

дæр фæмардысты тохы быдыры, се 'хсæн — 77 Хъæбатыры Цæгат Ирыстонæй. Уыцы хæсты 311 æф-




— Æхсызгон мын у, ацы бон ам кæй æрбамбырд стæм, уый. 34 азы размæ Советон æфсады арæнхъахъхъæнджыты раластой Афганистанæй. Уæдæй нырмæ ацы бон у æфсæддон интернационалистты номы кадæн, уыдон сæххæст кодтой сæ хæс Фыдыбæстæйы раз. Мах æнхъæлдтам, уыцы хæст уыдзæн фæстаг, фæлæ не 'мзæххонтæ абон дæр æрлæууыдысты тохы быдыры, Хъыгагæн, хæст æнæ зиантæй нæ вæййы. Арфæ кæнын нæ ветерантæн æмæ не 'фсæддонтæн. Хъæбатыр тохы та чи фæмард, уыдоны нæмттæ хъуамæ ма рох кæнæм, — загъта Сергей Меняйло.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг бахæс кодта, цæмæй ацы цырт канд Афгайнаг хæсты архайджыты но-





мыл ма уа, фæлæ ма иннæ хæстыты архайæг уæрæсейаг æфсæддонты номарæн дæр. Цыртдзæвæныл сæвæрдтой дидинджытæ. Мадзалы архайджыты æхсæн уыдысты нæ горæты Хицауад æмæ Администрацийы уæнгтæ, Æдасдзинады, Арæнхъахъхъæныны æмæ Мидхъуыддæгты министрадты кусджытæ, 58-æм Æфсады æфсæддонтæ æмæ иннæтæ.

Æдæппæтæй Афганистаны хæсты архайдтой 550 мин советон æфсæддоны, уыдонæй 15 минæй фылдæр фæмардысты тохы быдыры, се 'хсæн — 77 Хъæбатыры Цæгат Ирыстонæй. Уыцы хæсты 311 æфсæддоны фесæфтысты. Сæ кад æмæ сæ ном рохуаты нæ баззайдзæн.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Хæрзиуæг**

# Майдан — сенаторæн

**УФ-йы Федерацийы Советы хъахъхъæнынад æмæ æдасдзинады комитеты уæнг Мамсыраты Таймуразы схорзæхджын кодтой бæстæйы национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы "Ахъазкæнынады тыххæй" майданæй.**

**Амынд æфсæдты сæйраг командæгæнæг Виктор Золотов йæ къух æрæвæрдта æмбæлгæ бардзырды. Ацы гæххæтт куыд амоны, афтæмæй сенаторæн хæрзиуæг радтой "хæстон æмхæларад æмæ æфсæддон æмгуыстад фидар кæныны, стæй Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты хæслæвæрдтæ æххæст кæнынæн ахъаз кæныны тыххæй".**

**Нæ уацхæссæг**

**Социалон фарстатæ**

# Æххуыс — ахуыргæнджытæ æмæ дохтыртæн

**Цæгат Ирыстоны хъæуты чи кусы, уыцы ахуыргæнджытæ æмæ дохтыртæн та хъуамæ райдайой, коммуналон лæггæдтыл кæй фидынц, уыцы æхца баххæст кæнын.**

Уый тыххæй республикæйы Хицауады æмбырды радзырдта **Сергей Меняйло**: "Цалдæр азы дæргъы уыцы закъон нал куыста. Фæлæ ныр та нæ хæс у фæстæмæ адæмæн ахæм хæрдзтæ фидын. Хъуамæ сæ уый тыххæй тæрхондонмæ ма рарвитбарвит кæнæм. Сбæрæг кæнын хъæуы, цас хæсджын у паддзахад, стæй, уый фæстæ гыццылгай фидгæ".

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов** куыд загъта, афтæмæй ма ацы закъон кæмæ хауы, уыцы кусджыты нымæцыл дæр бафтдзæн. "Фыст сын цæудзæн, сæрмагонд хыгъдмæ сæ цы бон бахæссой, уымæй фæстæмæ, — бахаххкодта Сергей Меняйло. — Стæй, хъуамæ финансон оргæнтæ бæлвырд сбæрæг кæной, уыцы кусджыты къорд".

# Фатертæ — бинонтæн

**Цæгат Ирыстоны йæ тыхы бацыд программæ "Уæрæсейаг бинонтæн цæрæнуæттæ"-йы æртыккæгæм фæлтæр. Республикæйы арæзтады пресс-службæ куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы фæлтæры сцæттæ уыдзысты 100 фатеры.**

Программæ ахæсдзæн 2024 азмæ, уымæ гæсгæ хицæн къордты граждæнтæн уыдзæн цæрæнуæттæ райсынæн фадат. Бирæуæладзыгон хæдзар арæзæг эксплуатацимæ ратдзæн 20 проценты асламдæр аргъæй.

"Бирæсывæллонджын бинонтæ райстой субсидитæ 5 проценты араздзжытæй, иу уыйбæрц та республикæйы бюджетæй. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы амындмæ гæсгæ, квадратон метры хи аргъ бантыст фæкъаддæр кæнын. Араздзжытæй систой, инженерон коммуникацийы инфраструктурæмæ баиу кæныны хæс", — фæбæрæг кодтой профилон ведомствæйы.

Арæзтады фыццаг къæпхæны архайдтой 229 бинонтæ. Ивгъуыд азы кæрон цæрæнуæттæ радтой эксплуатацийы. Программæйы дыккаг къæпхæны архайдтой инвалидтæ æмæ бирæсывæллонджын бинонтæй 110 адæймаджы. Ныридæгæн цы хæдзар аразынц, уый сцæттæ уыдзæн ацы азы кæрон.

**РУБАЙТЫ Зæринæ**

**Хъæууон хæдзарад**

# Гранттæ — фермертæн

**Ацы аз Цæгат Ирыстоны фермертæн грантты хуызы ратдзысты 323,5 милуан сомы бæрц. Фарон амынд хъуыддагæн рахай кодтой 357 милуан сомы.**

Нæ республикæйы хъæууон хæдзарады министр **Къусраты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, ацы аз чысыл хъæууон хæдзарæдты хицæуттæн радтынмæ кæй хъавынц, уыцы æхцатæй 311 милуан сомы хауынц федералон, иннæ æхца та — республикон бюджеттæм.

Зæгъæм, бинонты фермæты рæстæн ратдзысты 157,8 милуан сомы. Фермерон хæдзарæдты 15 хицауæн гранттæй баххуыс кæнынмæ хъавынц. Дыууæ хъæуууонхæдзарадон фæлхасадон кооперативы материалон-техникон бындуры рæстæн радих кæндзысты 30 милуан сомы, фермертæн æххуысы фæткы арæзтадæн æмæ хъæууон кооперацийы рæстæн та — 79,36 милуан сомы бæрц субсидитæ.

25 фермерон хæдзарадæн гранттæй баххуыс кæндзысты. Хъæууон кооперацийы рæстимæ баст хæрдзты хай бахгæнынæн рахай кæнынмæ хъавынц 51,26 милуан сомы бæрц субсидитæ. Паддзахад 8 хъæууонхæдзарадон фæлхасадон кооперативæн баххуыс кæнынмæ хъавы.

**(ТАСС)**

**Национ проект**

# Фæллойы ахадындзинад

**Уæрæсейы национ проект "Фæллойы ахадындзинад"-ы цы 11 регионы архайы, уыдоны 'хсæн ис Цæгат Ирыстон дæр.**

Дзæуджыхъæумæ ссыдысты, фæллойы къабазы хъуыддагзонæг Федералон центры эксперттæ, цæмæй бынаты аргъ скæной национ проект "Фæллойы ахадындзинад"-ы архайæг куыстуæттæн.

2023 азы Цæгат Ирыстон бацыд 11 регионы 'хсæнмæ, хъусын кæны Промышленносты æмæ инвестициты министрады пресс-службæ. "Куыстуæтты архайд проекты фадат ратдзæн, кусджыты лæвар ахуыр кæнынæн куысты хæрзхъæддзинад бæрзонддæр, æфтиæгтæ фылдæр æмæ куысты хæрдзтæ къаддæр кæныны фæдыл технологон уынаффæтæ бахæссыны мадзæлттæн, продукцийы хиаргъ къаддæр кæнынæн, цæмæй рауагъд продукци уа быцæуархайды хъом", — фыст ис хъусынгæнинаджы. Эксперттæ равзардзысты, проекты архайын кæй фæнды, республикæйы уыцы куыстуæтты. Уыдонæн дарддæр цæудзæн уæрæх æххуыс.

**Нæ уацхæссæг**

**Фембæлд**

# Хъалонтæ æмæ бюджеты æфтиæгтæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис сарæзта кусæг æмбырд министртæ æмæ Уæрæсейы хъалонты Федералон службæйы цæгатирыстойнаг Управленийы минæвæрттимæ. Нæ республикæйы Сæргълæууæджы фæдзæхстмæ гæсгæ, æмбырды архайджытæ æркастысты ведомствæты æхсæн æмархайды æмæ паддзахадон контрактты фарстатæм.**

— Нæ республикæйы фæзуæттыл кусæг, паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты архайæг компанитæ сæ хæстæ хъуамæ æххæст кæной куыд разамонæг. Сæ куыст æнæхъæнæй дæр хъуамæ уа бæлвырд æмæ бæрæг, — загъта Дзанайты Барис.

Уæлдæр амынд службæйы цæгатирыстойнаг Управленийы разамонæджы хæдивæг **Тæкъоты Фатимæ** радзырдта, сæ организаци хъалонтæ фидæг адæмимæ куыд архайы, уыцы куысты æмæ паддзахадон контракттæ нæ республикæйы фæзуатыл куыд æххæстгонд цæуынц, уый фæдыл.

РЦИ-Аланийы финансты министр **Исахъты Олег** та фæнысан кодта, архайды фæстиуджыты бæрæггæнæнты анализ паддзахадон программæтæ æххæст кæнынæн кæй фæахъаз уыдзæн, организацитæн регионы раз сæ хæстæ бæрнонæй æххæст кæнынæн æмæ бюджеты æфтиæгты хай бæрзонддæр уавæрмæ сисынæн.

Æмбырды кæронбæттæн



æмбæлы, ахæм бæрцæй. Уыцы архайдæй аразгæ у социалон инфраструктурæйы объектты æххæсткæныны хæрзхъæддзинад. Вазыгджын хъуыддаг ма у, организациты сыгъдæг æмæ рæстаг архайды хъомыс регионалон бюджетæн. Ахæм хæстæ æвæры нæ регионы хатдзæгты фæдыл Дзанайты Барис нæ республикæйы Финансты министрад æмæ Уæрæсейы хъалонты Федералон службæйы цæгатирыстойнаг Управленийæн бахæс кодта сæ архайды къорд фарстатыл бакусын.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Удварн**

# Дингæнджытæй — æфсæддонтæн

**Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Мады-Майрæмы кувæндоны дингæнджытæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн бацæттæ кодтой аргъуыдгонд донимæ мин бæрцуатæй фылдæр.**

Амынд дон сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны тæлммæ бахæццæ кæндзысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны агъоммæ.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: Чырыстийы Цыппурсы бæрæгбоны агъоммæ Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархи хæстон хæслæвæрдтæ æххæстгæнджытæн арвыста мин ирон чъиритæ фылдæр, Мæздæггаг Мады-Майрæмы уазнывтæ, стæй алайнаг тырысатæ æмæ риуылдаргæ нысантæ.

**Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийы пресс-службæ**

**Газетфыссынад**

# "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

**Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**




**Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æххæсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!**

***Редакци***

## Дзырды фарн

*Нæ зонд нын амоны фæндаг.*

*БАРАХЪТЫ Гино*

| | | | |
|---|---|---|---|
| Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **16 февралы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **1-6 градусы уазал,** Дзæуджыхъæуы — **3-5 градусы уазал.** | Боны дæргъ — 10,38 | **Хурыскаст** — 06,54 **Хурныгуылд** — 17,32 |
| Валютæйы аргъ | **Доллар** — 74,36 **Евро** — 79,61 | 12+ | |

РÆСТДЗИНАД № 28 (25757) 2023 АЗЫ ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙЫ 16 БОН

Энергетикæ

# Гом телтæ баивдзысты

**"Россети Северный — Кавказ" ацы аз сцалцæг кæндзæн нæ республикæйы 190 километры электрон телты линитæ. "Цæгкавказэнерго"-йы хайады специалисттæ баивдзысты 532 цæджындзы, 1 мин 275 изоляторы, стæй гом электрон телтæ æндæр, æхгæд телтæй, 45 километры.**

Уæлдай æргом аздахдзысты электрон тыхы телтæ кæй сæрмæ цæуынц, уыцы бынæтты æдасдзинадмæ. Раздæр куыд фыстам, афтæмæй уым къудзитæ æмæ бæлæстæй ссыгъдæг кæндзысты 24 гектары бæрц.

— Цалцæджы куыстытæ афоныл куы ахицæн кæнæм, уæд уый фадат ратдзæн 2023-2024 азты фæззыгон æмæ зымæгон рæстæг фæлхасгæнджытæм электрон тых æнæкъуылымпыйæ æрвитын, — загъта "Цæгкавказэнерго"-йы хайады сæйраг инженер **Танделаты Геннади**. Уый ма хатыр ракуырдта фæлхасгæнджытæй, цалцæг кæныны рæстæг электрон тых иуцасдæр къуылымпытимæ лæвæрд кæй цæудзæн, уый тыххæй.

**"Россети Северный Кавказ"-ы пресс-службæ**

Аудынад

# Æххуыс — Турчы адæмæн

**Мæздæджы районы фынддæс национ-культурон æхсæнады æмбырд кæнынц гуманитарон æххуыс зæххæнкъуыстæй Турчы хъыгдард адæмæн.**



Горæты Хæлардзинады хæдзары сæрдар **Павел Михаилянц** куыд загъта, афтæмæй туркаг-месхетаг адæмы æхсæнад Туркмæ арвыстой гуманитарон æххуыс — пæлæз-цатыртæ, уæлæдарæс, хъарм хъæццултæ, электрон пецтæ.

"Турчы дзы бирæтæн ис хиуæттæ, хæстæджытæ, фæлæ канд уымæ гæсгæ не 'рвитынц гуманитарон æххуыс — стыр тæригъæддаг сты иннæ адæм дæр, ахæм рæстæг баххуыс кæнын алкæмæндæр у йæ хæс. Æхцайы фæрæзтæ æмбырд кæнæм мах, Хæлардзинады хæдзары кусджытæ дæр".

Цæгат Ирыстоны национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** та радзырдта нæ уацхæссæгæн, Ирыстоны цæрджытæн дæр Турчы зæххæнкъуысты хабар стыр сагъæссаг кæй уыдис, уый тыххæй. "Мах æвæстиатæй бадзырдтам ирон адæмы уырдыгон диаспорæмæ, райдыдтам баххуысы тыххæй мадзæлттæ цæттæ кæнын, кæд дзы махонтæй хъыгдард ничи баййæфта нæдæр Турчы, нæдæр Сирийы, уæддæр".

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Коммуналон хæдзарад

# Ног контейнертæ

**Цæгат Ирыстоны быронæфснайæн компани "ЭРА"-йы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй бырæттæ хицæнтæй æмбырд кæнынæн нæ республикæйы фæзындзæн 900 ног контейнеры.**




Ацы контейнертæ куыд æвæрынц, уымæ цæст дардзысты РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрад æмæ Дзæуджыхъæуы администрацийы специалисттæ.

— Контейнертæм æппарæн уыдзæн æрмæст сур бырæттæ. Сæрмагонд техникæйæ уæзласæн хæдтулгæйы гуыффæйы удæнцой уагæй бавгæнæн кæй ис, уыцы контейнертæм цавæр бырæттæ — ома, пластик, згъæр, авг æмæ макулатурæ — ныппарæн ис, уый тыххæй бæлвырдгæнæн хабар фыст уыдзæн алы бæрцуатыл дæр, — зæгъы амынд кусæндоны минæвар **Цыхуырбаты Георги**.

Дыккаг аз амынд министрад национ проект "Экологи"-мæ хауæг федералон проект "Хъæбæр коммуналон æппарæццæгтæ æфснайыны комплексон системæ"-йы фæткмæ гæсгæ субсидиты хардзæй æлхæны бырæттæ хицæнтæй æмбырд кæнынæн хъæугæ контейнертæ.

**Нæ уацхæссæг**

Æмбырд

# Хъазахъхъæгты фарстатæм — бæлвырддæр æргом

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО видеобастдзинады фæрæзы архайдта Уæрæсейы Федерацийы Президенты цур Советы æмбырды. Æмбырд амыдта нæ бæстæйы Президенты æххуысгæнæг, Советы сæрдар Дмитрий МИРОНОВ. Ныхас цыдис, уæрæсейаг хъазахъхъæгты хъуыддæгты фарстатыл, хъазахъхъаг фæсивæдон центрты архайды бындурыл рæзгæ фæлтæры æфсæддон-патриотон хъомыладон куысты, УФ-йы паддзахадон политикæйы Стратегимæ, æнæмæнг ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй æмæ æндæр ахсджиаг темæтыл.**

Æмбырды архайдтой: УФ-йы Президенты цур Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка**, УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Дмитрий Чернышенко**, УФ-йы Федералон Æмбырды Федерацийы Советы сæрдары хæдивæг **Юрий Воробьев**, Нациты хъуыддæгты фæдыл Федералон агентады разамонæг **Игорь Баринов**, Хъазахъхъæгты æппæтуæрæсеон æхсæнады атаман **Николай Долуда**, УФ-йы федералон æмæ субъектты хицауиуæггæнæг оргæнты минæвæрттæ, хъазахъхъаг æфсæддон æхсæнадты атамантæ.

Дмитрий Чернышенко фæнысан кодта, уæрæсейаг æхсæнадон царды стыр ахадындзинад ис, нæ бæстæйы Хицауад бæлвырд æргом кæй здахы хъазахъхъæгтимæ æмгуыстады фарстатæм, уыцы архайдæн.

— Хъазахъхъæгты æхсæнад аккагæй æвдисынц сæхи сæрмагонд æфсæддон операцийы. Сæ æхсæнадæй 14 мин адæймаджы систы бархионтæ. Уæрæсейаг хъазахъхъæгты паддзахадон политикæйы Стратегийы мадзæлтты ног пълан аразгæйæ, зæрдыл дарын хъæуы, сæрмагонд æфсæддон операцийы хъазахъхъаг архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуыс кæныны фарста. Вазыгджын хъуыддаг ма у, Уæрæсейы ног регионты барадон, социалон æмæ культурон тыгъдад баиу кæнын, — загъта УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Æмбырды архайджытæн сæ куысты фæдыл арфæ ракодта Юрий Чайка дæр



æмæ радзырдта, видеобастдзинады нысан кæй у, дунейы абон цы уавæр сæвзæрд, уыцы хъуыддаг.

— Растыл нымайын, æмбырды цы фарстатæ æвзарæм, профилон закъонæвæрынадмæ ногдзинæдтæ бахæссыны фæдыл, уым амынд кæй цæуы, нæ Фыдыбæстæйы сæраппонд йæ цард æнæвгъауæй чи радта, уыцы хъазахъхъаг æфсæддонтæ дæр æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй нырмæ нын хъазахъхъæгтæ ноджыдæр ма иу хатт равдыстой, кæй сты æцæг патриоттæ æмæ нæ бæстæйы аккаг граждæнтæ. Сæ архайд Украинæйы сси, Уæрæсейæн фидар ныфс, æнцой, кæддæры намысы тæгтæ сног кæныны æвдисæн, — дзырдта Юрий Чайка.

Æххæстбарджын минæвар бæстон æрлæууыд батальон "Терк"-ы архайдыл, кæцы ныридæгæн Уæрæсейы айхъуыст йæ æфсæддонты хъæбатыр æмæ лæгдзинадæй. Уый фæдыл хъазахъхъæгтæ, Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины Указæй хорзæхджын æрцыдысты " Хъæбатырдзинад"-ы æртæ орденæй æмæ "Æхсардзинады тыххæй" 26 майданæй.

Юрий Чайка ма загъта, нæ бæстæйы Президент цы хæстæ сæвæрдта, уыдон, æнæмæнг, хъазахъхъæгтæ кæронмæ сæрыстырæй кæй сæххæст кæндзысты, уый.

— Абоны онг архайд цæуы хъазахъхъаг бархионты дыккаг батальон саразыныл. Йæ æфсæддонты къорды уыдзæн 400 адæймаджы. Уыдон канд теркæгтæ нæ уыдзысты, фæлæ Уæрæсейы алы регионты цæрæг хъазахъхъæгтæ: Хъырымæй-100, Калининградæй-40, ис номхыгъды бархионтæ Санкт-Петербург æмæ Сахалинæй дæр, — фæнысан кодта Юрий Чайка.

Уымæй уæлдай, Æххæстбарджын минæвар йæ раныхасмæ бафтыдта, батальон "Терк"-ы хыгъды чи ис, уыцы хъазахъхъæгты хæлд ахастдзинæдтæ фæстæмæ сног кæныны хъуыддæгтæн сæрмагондæй программæ арæзт кæй æрцыд.

— Программæ у комплексон. Хаст æм æрцыдысты, æфсæддонтæн медицинон æмæ реабилитацион æххуысы мадзæлттæ. Уымæй уæлдай ма кæй фæнды, уыдонæн фадат уыдзæн уæлæмхасæн ахуырад райсын, цавæр дæсныйæдтæй сæ фæнда, уыдонæй. Бахъуаджы сахат сын æххуыс цæудзæн куыст ссарыны фарстаты дæр. Цæттæ стæм, ацы къабазы цæуыл бакуыстам, уый фæдыл радзурынмæ, — дзырдта дарддæр Юрий Чайка.

Æнтыстджынæй цæуы дарддæр, уæгъдгонд фæзуæтты сабыр цæрæг адæмæн æххуыс æмбырд кæныны мадзал. Акци "Кавказ нæхионтæн"-ы бындурыл теркæгтæ арвыстой 22 гуманитарон къанвойы. Уæзæгты иумæйаг бæрц сси 1,5 мин тоннæйы.

Уæрæсейаг хъазахъхъæгты хъуыддæгты фæдыл 2021-2030 азты паддзахадон политикæйы Стратегимæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй раныхас кодтой: Нациты хъуыддæгты фæдыл Федералон агентады разамонæг Игорь Баринов æмæ Æппæтуæрæсеон хъазахъхъаг æхсæнады атаман Николай Долуда.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

"Рæстдзинад" фыста...

# Дыууæйæ дæр уый аккаг сты

**Газет "Рæстдзинад"-ы æртхъирæны мæйы 4-æм боны номыры куы бакастæн Хуссар Ирыстоны газет "Хурзæрин"-ы хайады хицау Джиоты Екатеринæйы уац "Транскам" аразджыты нæмттæ сæнусон кæнæм", уæд та мæ мæ бæллицтæ сæ рог базыртыл фелвæстой æмæ мæ бамидæг кодтой ивгъуыд æнусы 50-æм азтæм. Уæд ма скъоладзау уыдтæн, кæд ныр мæ 80 азы сæрты акастæн, уæддæр мæ зæрдыл хорз лæууынц уыцы бонты цаутæ. Иу цау дзы баст у "Транскам"-ы арæзтадимæ.**

Цæвиттон, уыцы азты Ленинградæй кæцыдæр арæзтадон институтæй æрвыст æрцыд сæрмагондæй æртæ инженеры (сæ иу уыди ирон, йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын), цæмæй сбæрæг кодтаиккой абоны "Транскам"-ы æрдзон уавæртæ, ома, зымæгон зæйтæ кæмыты рацæуынц, фылдæр хатт цафон, цæй бæрц. Кæцы ададжы, кæцы комы кæд æмæ цæй бæрц вæййы йæ зиан, цы фыдбылызтæ æрхæссы адæмæн дæр, стæй æрдзæн йæхицæн дæр, цы хъæпæнтæ сæвæры, уыдон уалдзæджы цафонмæ баззайынц, æмæ бирæ æндæр фарстатæ. Уыимæ ма, сæрдыгон къæвдатæ лæсæнтæ кæм расайынц, ахæм тæссаг бынæттæ. Уыцы æппæт тæссаг, сбæрæггæнинаг фарстатæ та сын чи радзырдтаид, ахæм лæг агурæг, фыццаджыдæр, бацыдысты хъæусоветы хицауадмæ. Уæд хъæусоветы хицауæй куыста Гаджиты Габо.

Иу бон Габо уыцы æртæ уазæг лæгимæ, Ленинградæй, нæхимæ фæзынд Фаллагкоммæ, нæ фыд Алыксандры бацагуырдта. Фондзæй дæр æрбадтысты, нæ мад Фине сын фынг æрæвæрдта, æз та сын уырдыглæууæг уыдтæн. Габо бамбарын кодта Алыксандрæн уазджыты æрбацыды сæр æмæ сæ фæндон, æмæ ма фæстагмæ йæ ныхæстыл бафтыдта: "Алыксандр, зонын æй, ацы хъуыддæгтæ дæуæй хуыздæр ничи зоны æмæ уазджытæн баххуыс хъæуы". Нæ фыд уæлдай ницыуал


Ис ахæм хъуыды
Хæрзаудæн хъуыддаг
Лалыты Левæйы дыууæ Ирыстоны дæр чи нæ зоны, ахæм адæм бирæ нæй. Йæ хорз хъуыддæгты тыххæй йыл Черчесты Хъасболат æмæ Тъехты Тамерлан чиныг дæр ныффыстой ("Хæлардзинады авад"). Хæрзæгъдаудзинады зиууон æнцой нæ зоны, æдзухдæр æй цыдæр хъуыдытæ дыууæ Ирыстоны чи иу кæны, уыцы фæндагимæ. Зындгонд хæрзгæнæджы фæнды, цæмæй йæ цæгатаг бацæуæны æвæрд æрцæуой бюстытæ, йæ саразыныл зæрдиагæй чи бакуыста, уыцы разагъды лæгтæ — Гаглойты Рутен, Къоста, Плиты Иссæ æмæ Хъæбæлоты Биларæн.

загъта Габойы фæндоныл æмæ дыккаг бон араст Зæрæмæгмæ, ам турбазæйы æрфысым кодтой нæ уазджытæ.

Сæ сæйрагдæр хæс уыди, Зæрæмæгæй суангдæр Ручъы тъунелы цæгат порталы онг, цыдæриддæр уæлдæр ранымад хабæрттæй æмбæла, уыдон бæлвырдæй хъуамæ фæдзура Алыксандр, уыдон та сæ фæфыссой. Уалдзæгæй суангдæр фæззæджы мит рауардмæ уыцы инженертимæ фæкуыста Алыксандр дыууæ сæрды. Уый фæстæ-иу нæ фыд Фаллагкомы йæхи хуызæн хистæртимæ исты бадты куы сæмбæлдысты, уæд-иу сын хъазгæйæ дзырдта: "Сымах уæхи мемæ ма барут, уымæн æмæ сымах æнахуыргонд, къуырма адæм стут. Æз та инзенер дæн, инзенер". Афтæмæй йæ къух æрфыссын дæр нæ зыдта.

Фæстæдæр-иу Габо уыцы ирон лæджы фæзмыдта, зæгъгæ, "Транскам"-ы фыццаг проектмæ гæсгæ хъуамæ цыдаид, абон Зæрæмæгæй Нармæ хуссар фæрсты куыд æрбацыд, афтæ бацыдаид Гуыркъуымты комы рæбынмæ, уым æрбахызтаид цæгат фарсмæ æмæ акъæртт кодтаиккой тъунел Захъагоммæ, абоны Ручъы тъунелы бакомкоммæ. Уым Захъадоны сæрты хид æмæ Ручъы тъунелы фæмидæг дæ. Уыцы проектыл конд куы æрцыдаид, уæд абон зæйуат бынæттæй ирвæзт уыдаиккам. Габойы ныхас бæлвырд нæ хъуыды кæнын, фæлæ уый дæр, æвæццæгæн, Гаглойты Рутены кæцыдæр проектмæ гæсгæ хъуамæ уыдаид.

Æз Ручъы тъунелыл цал цыды кæнын, алы хатт дæр мæхимæ фæдæттын уыцы иу фарст, цымæ ацы тъунел хæрдмæ, Ручъы рагъмæ цæмæн акъæртт кодтой æмæ уырдыгмæ фæндаг бирæ тæссаг фæзилæнтимæ цæмæн хъуыд. Зымæгон, бырынцъаг фæндагыл уæлайдæр. Фæлæ мын ныр Екатеринæ ме 'нусон фарстæн дзуапп радта: "Рутен æрæвæрдта бындур Ручъы фæндагæн. Сарæзта фæндаджы проекты цыппар хуызы. Ручъы тъунелы динамитæй фыццаг срæмыгъд дæр йæхæдæг сарæзта (ныртæккæ кæм ис, уым нæ, фæлæ, Ручъы хъæумæ æввахсдæр, кæцы ран нæ уыдаид зæйтæй æрцæуынæй тæссаг)". Уæдæ, цымæ, кæй проектмæ гæсгæ конд æрцыд "Транскам" æмæ зæйуæтты бынты тъыст цæмæн æрцыд? Уый абон сбæлвырд кæнын зын у, стæй ма хъæугæ дæр кæй кæны.

Екатеринæ Хъæбæлоты Билары бирæ лæггæдтæ йæ уарзон Ирыстонæн бæлвырд фæнымадта, фæлæ ма сæм æз дæр иу ахæм бæлвырд цау бафтауин. Кæцы аз уыд, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын, фæлæ та Гуырдзыстоны æдзæсгом хицауад бахъавыдысты Захъагомы фæтæн сæрвæттæм. Мæскуымæ ЦК-йы уæлдæр хицауадмæ мæнг бæрæггæнæнтимæ писмо барвыстой, ома, дам, уæгъд зæххытæ сты, Ирыстон сæ нæ пайда кæны æмæ, дам, сæ махæн радтут, нæ фосы дзугтæ кæм хизæм, уый нын нæй, зæгъгæ.

Билар уый куы базыдта, уæд фæдисæвнæлд фæкодта, Ногиры колхозы дзугтæ дзы уыдысты, фæлæ ма сæм кæцыдæр колхозы дзугтæ батæрын кодта. Фыййæуттæн та уæлæдарæн нымæтæй, цырыхъхъæй, худæй, зымæгмæ кæрцæй, цатырæй, — машинæ байдзаг кæнын кодта æмæ сæ Захъамæ арвыста. Уый фæстæ цавæрдæр иумæйаг къамис куы бæлвырд кодта æмæ куы федтой, ком фосæй дзаг у, сæрвæттæ урс дарынц, доны был дзæнхъа дуртау, уæлдай бынат дзы нæй, уæд ныхъхъус сты. Ам дæр Хъæбæлойы-фырт рæвдз æмæ фидар куы нæ фæлæууыдаид, уæд та, чи зоны, Захъагом дæр Тырсыгомы хуызæн гыццылгай-гыццылгай гуырдзы сæхи бакодтаиккой.

(Кæрон 4 фарсыл)

Спортивон делегаци Донбассæй

# Ирон кафт – уазджытæн

**Донбассы сывæллæтты спортивон делегаци Цæгат Ирыстонмæ æрбацыд. Нæ республикæйы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй хæрзаудæн фонд "Спасая детство" нæ регионы разамындæн бафæдзæхста фæсивæдæн баххуыс кæнын æмæ сын реабилитаци ацæуыны фадат радтын.**

Æрæджы 50 æвзонг спортсмены æмæ сæ 4 тренерыл кадджын уагæй сæмбæлдысты сывæллæтты республикон реабилитацион центр "Тæмисчъы" бындурыл арæзт рæстæгмæ цæрæн бынаты. Сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны райдайæнæй нырмæ амынд кусæндоны чи цæры, уыцы сывæллæттæ Донецкæй æрбацæуæг æрыгон спортсментæн ирон кафт акодтой.

Уазджытæ нæ республикæйы цæмæй удæнцой уагæй цæрой, уый тыххæй сын æппæт уавæртæ арæзт æрцыдысты. Сывæллæттæ цæудзысты уæгъдибар хъæбысхæстæй, аивадон гимнастикæ æмæ дзюдойæ тренировкæтæм. Уымæй уæлдай, уазджыты зонгæ кæндзысты регионы культурон цардимæ æмæ зæрдылдарæн бынæттимæ.

**Нæ уацхæссæг**

Ахуырад

# Рæстæгмæ æхгæд уагдæттæ

**Цæгат Ирыстоны æппæт скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæ дæр æхгæд æрцæуdзысты — ОРВИ æмæ æхснырсæджы низтæй рынчын сывæллæтты нымæц къаддæр нæ кæны, эпидемиологон уавæр, цы 'мбæлы, уымæй бæрзонддæр у.**




Ахуырадон организациты æрвылбоны мониторинджы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, сывæллæтты нымæц вæййы чысыл. Уымæй уæлдай, канд сывæллæттæ нæ рынчын кæнынц, фæлæ сæ ахуыргæнджытæ дæр. Уымæ гæсгæ, хаст æрцыд уынаффæ, 20-22 февралмæ сæ карантины сæхгæнын. Уый у æнæбары, фæлæ ахадгæ мадзал.

23-26 февралы та сты бæрæгбæттæ. Сывæллæтты рæвдауæндæтты сараздзысты радхæссæг къордтæ.

# Цалцæгмæ – фылдæр æргом

**Горæтгæрон районы Камбилеевкæйы фыццæгæм астæуккаг скъола ногæй байгом кодта йæ дуæрттæ бындурон цалцæджы фæстæ.**

Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæйы нæ уацхæссæгæн куыд фехъусын кодтой, афтæмæй скъолайы агъуыстæн баивтой йæ сæр, дуæрттæ, доны хæтæлтæ, базылдысты ахуыргæнæн уæттæ æмæ кабинеттæм, æнæкъуылымпыйæ кусы хъармгæнæн системæ.

Кабинетты байтыдтой линолеум, тыргъты — рæсугъд къæйтæ. Бæстон базылдысты хæрæндоны дзаумæттæм, балхæдтой йын æртæ ног пецы, уазалгæнæн æмæ афтæ дарддæр.

Ацы скъола сарæзтой 1982 азы æмæ уæдæй абонмæ бæстон цалцæггонд никуы æрцыд.

Æдæппæт та нæ республикæйы бындуронæй цалцæггонд æрцæудзæн 66 скъолайы. Уымæн федералон бюджетæй рауагътой 3,7 миллиард сомы.

# Уæливыхтæ – скъолаты хæрæндæтты

**Нæ республикæйы скъолаты хæрæндæтты фæзындзысты ирон уæливыхтæ дæр.**



Уый тыххæй хицауады æмбырды ивгъуыд къуырисæры радзырдта ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. "Ацы ногдзинад уал мах бафæлвардзыстæм дыууæ скъолайы хæрæндæтты. Кæд фæрæстмæ уа æмæ фадæттæ æмæ гæнæнтæ уой, уæд республикæйы иннæ скъолаты хæрæндæтты дæр райдайдзыстæм нæ сабиты ирон адæмон, уарзон хæринагæй æфсадын".

Сергей Меняйлойы хъуыдымæ гæсгæ, уый у хорз хъæппæрис æмæ бацархайын хъæуы, цæмæй царды руацæуа.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

Чингуыты тæрхæгыл

# Ахуыргонды цыппар томы

**Цæгат Ирыстоны разамынд гуманитарон фарстатæм йе 'ргом куыд здахы, цæттæгонд чингуытæ дунейы рухсмæ куыд уадзы, афтæ иннæ регионтæн не 'нтысы. Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центр мыхуыры рауагъта историон наукæты доктор, профессор ДЗИДЗОЙТЫ Валерийы цыппар томы. Цымæ Дзидзойы-фыртæн куыд æнтысы уыцы хъуыддаг, йæ фыдæбæттæ дунейы рухс куыд фенынц? Уый тыххæй мæ зæгъын фæнды мæ хъуыдытæ**

Дзидзойты Валерийы статьятæ, монографитæ, очерктæ фыст сты хицæн æвзагыл, кæмдæр цыргъ, кæмдæр быцæуныхасы аккаг, чи сæ кæсы, уымæ дæр хъуыды кæнынмæ сиды, авторы логикæимæ кæнæ хъуамæ сразы уай, кæнæ — нæ. Наукæйы парахат фæндагмæ Дзидзойты Валери рахызт 40 азы размæ, ахуыргæнæджы куыст ын наукон архайдимæ баиу. Уæдмæ ныффыста 1492 куыстæй, монографийæ, статьяйæ, очеркæй фылдæр, уыдон баиу сты кавказамоны наукон фондимæ. Баныма́йæн сæ ис библиографион хæзнатыл. Ныртæккæ **"Равзæрст фæллæйттæ"** мыхуыргонд кæй æрцыдысты, уый фарста иуварс айста.

**Фыццаг том** баст у Уæрæсейы национ æмæ федеративон ахсджиаг фарстатимæ Цæгат Кавказы, тыхстаг уавæртæ сæвзæрæг регионы нациты 'хсæн ахастдзинæдтимæ. Паддзахадон Думæйы 2002 æмæ 2005 азты Дзидзойты Валери бакаст дыууæ раныхасы. Йæхи равдыста, куыд бæрзонд къласы специалист æмæ раст дзурæг ахуыргонд, нациты 'хсæн хорз ахастытæ сфидар кæнынæн рахаста ахсджиаг мадзæлттæ. Йæ дыууæ раныхасы дæр бахастой академион наукон журналмæ.

Адæймаджы дисы бафтыдта, Дзидзойы-фырт æргомæй историктæ-ахуыргæндты цæсгом куыд хъахъхъæдта, уый. А.Барсенков æмæ А.Вдовины ахуыргæнæн фæрæзыл либералтæ Æхсæнадон палатæйы æмбырды 2010 азы, 6 сентябры, худынц, тæрхон ын кæнынц. Дзидзойты Валери, хабар радзургæйæ, куыд бафиппайдта, афтæмæй Уæрæсейы наукæ æмæ културæйы архайджытæн ахæм фæсидтытæн æфсæнттæ уый бæрц ис, æмæ сын газетты фæрстæ дæр не сфаг уыдзысты. Федералон центр хъуамæ ацы фарстамæ йе 'ргом аздаха.

**Фыццаг томы дыккаг хайы** мыхуыргонд æрцыд ахуыргонды монографи, уый дзуапп дæтты ныры́ккон рæстæджы социалон-политикон фæсидтытæн. Нысангонд у Цæгат Ирыстоны национ-паддзахадон арæзтады зындзинæдтæн, бынтондæр та фæссоветон рæстæгæн. Уæд нæ бæстæ бавзæрста æвирхъау æнкъуыстытæ, æрмæст Цæдисы фехæлды, ног Уæрæсейы Федераци саразыны тыххæй нæ, фæлæ Кавказы нациты 'хсæн ахастдзинæдты, экономикæйы зындзинæдты бирæ фарстаты тыххæй.

Автор куыд æмбарын кæны, афтæмæй Цæгат æмæ Хуссар Ирыстон уæззау фæлварæнтæ бавзæрстой, тынг бирæ адæм фæмард. Йæ дыккаг монографи баст у XX æнусы райдайæн Цæгат Кавказы чысыл адæмты национ-паддзахадон арæзтады генезисимæ. Уæдмæ наукон фарстайыл ничима бакуыста, монографи Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты 2003 азы рацыд чысыл тиражæй. Цæгат Кавказ æмæ Дагестаны хæххон хъæуты цæрджытæ революцийы ахсджиаг бынат ахстой, фæлæ уый æппæтæй нæ зыдтой. Советон историографи темæ сæхгæдта, нæдæр æй ахуыр кæнæн уыд, нæдæр йæ архайд базонæн. "Цæгат Кавказы хæххон цæрджыты иугонд цæдис"-ы архайд раиртасынмæ бавнæлдта ахуыргонд Дзидзойты Валери.

Специалисттæ æмæ æхсæнадмæ уыдысты цыбыргонд зонындзинæдтæ Цæгат Кавказы адæмты паддзахадондзинад аразыны тыххæй, цалынмæ Дзидзойы-фырты монографи нæ фæзынд, уæдмæ пайда кодтой æбæрæг факттæй, хорзцæттæгонд специалисттæ дзы нæ уыд. Рæгъмæ-иу рахастой, ома, Цæгат Кавказы хæххон цæрджыты иугонд цæдис "хæххон реакционертæ" сарæзтой кæнæ "пысылмон фанатиктæ", "Уæрæсейы ныхмæ цæуæг хæххон буржуйтæ" æмæ афтæ дарддæр. Уыдæттæ æцæгдзинадмæ бар нæ дардтой, историон нывылдзинадимæ, историон наукæимæ баст нæ уыдысты.

Профессор Дзидзойты Валерийы сгуыхтдзинад баст у, йæ наукон монографи кæй ныммыхуыр кодта, Уæрæсейы йын фыццаг кæй фæзынд æмæ Цæгат Кавказы адæмты национ паддзахаддзинады тыххæй куыст кæй бацæттæ кодта, уыимæ. Бындурон рецензитæ йын скодтой Махачкалайы, Дзæуджыхъæуы, Ростов-Доныл, Мæскуы æмæ æндæр горæтты ахуыргæндтæ. Фæстæдæр, Цæцæны, Дагестаны ахуыргæндтæ Дзидзойты Валерийы историон æрмæгæй пайда кæнын райдыдтой. 2002 азы монографи Æппæтуæрæсеон наукон иртасæнты тыххæй равдысты райста хæрзиуæг "Наукæмæ бæвæрæны тыххæй".

**"Равзæрст фæллæйттæ"-йы дыккаг томмæ** бахастой дыууæ монографийы æмæ дыууæ егъау статьяйы. Баст сты историон иртасæнтæ мæнг хуызы равдисынимæ. Афтæ зæгъæн ис, æмæ историон иртасæнтæ кæддæриддæр домынц уæлдай цæстæнгас, цензурæ. Бынтондæр сæ иуварс ахизгæйæ, чингуыты дуканитæ байдзаг сты ныллæг æмвæзады "макулатурæйæ". Уæрæсейаг наукæты академи фарстамæ йе 'ргом аздæхта. Наукæйы ныхмæ æрмæджытæ, чингуытæ, статьятæ адæммæ хæццæ кæнынц, суанг Уæрæсейаг наукæты академийы хайæдтæм дæр.

Æхсæнадон змæлд акодта Дзидзойты Валерийы монографи "XX æнусы кæрон Кавказ", дыууæ хатты йæ рауагътой. "Кавказы наукон хъуыды"-йы журналы редакци цы цæлхæмбырд сарæзта, уым раныхас кодтой 14 зындгонд ахуыргонды. Ацы темæ раиртасыны дæсны уыдысты. Æрмæджытæ журналы мыхуыргонд æрцыдысты. Монографийæн бæрзонд аргъ скодтой историон наукæты доктортæ В.Кузнецов, Цыбырты Людвиг, В.Трепалов, Н. Емельянов, Р. Кушетеров, Т. Булыгина æмæ иннæтæ.

Дзидзойты Валери гуырæнтæ парахатæй кæй раиртæста, уый æмхуызонæй бафиппайдтой, ноджы нырыккон теоретикон-методологон фæткмæ гæсгæ куыстгонд кæй æрцыдысты, уый дæр бацамыдтой. Уæлдæр скъолайы Цæгат-Кавказаг Наукон центры профессор Н.Авдулов (Ростов-Доныл) монографийæ зæгъы афтæ: "Дзидзойты Валерийы бындурон иртасæнты бæрæг дары, национ паддзахæдтæ скæныны хъуыддаг историон æмæ дунеон фæтк кæй у, аивæн æй нæй, нæй йæ бауромæн. Рæстæгмæ йæ бакъуылымпы кæнæн ис, афтæ кæнынц Гуырдзыстоны хицауад Хуссар Ирыстон æмæ Абхазы ныхмæ. Национ хæдбардзинад райсыны бар дзуапп дæтты вазыгджын фарстайæн: куыдæй, цавæр фæрæзтæй æмæ фæндæгтæй ис адæмы баиу кæныныл бакусæн, фарстайы мидæг интеллигенцийы бынат кæм ис?"

Н.Авдулов куыд зæгъы, афтæмæй Дзидзойты Валерийы чиныг æрмæст фыдыбæстаг специалисттæн фыст нæу, фæлæ фæсарæйнаг специалисттæн æмæ кæсджытæн. "Уыдон дзы сисдзысты диссаджы цаутæ, гуырдзиæгтæн, ирæттæн, абхазæгтæн æмæ уырыссæгтæн цы ахастытæ уыд, уый тыххæй. Уыдон ма авторимæ афæлгæсдзысты ирæтты, гуырдзиæгты, абхазæгты, уырыссæгтæ æмæ æндæр адæмты историйыл, Кавказы адæмты национ-паддзахадон арæзтыл, Советон паддзахады национ политикæйыл. Специалисттæ æмæ кæсджытæ аргъ скæндзысты Цæгат Кавказы курдиатджындæр политолоджы, зындгонд ахуыргонд-кавказамонæджы егъау наукон-иртасæн фæллойæн", — фыссы Н. Авдулов.

Дзидзойы-фырт нæ ахызт адæмты депортацийы сæрты, ныффыста вазыгджын æмæ кæрæдзийы ныхмæ лæууæг темæйы тыххæй наукон куыст. Куыд бæрæг кæны, афтæмæй, кæцыдæр чиновникты хъуыдымæ гæсгæ, "фауинаг" адæмтæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ æмæ хæсты рæстæг депортаци бавзæрстой. Алыхуызон аххосæгты тыххæй фарстатæ иртæстгонд не рцыдысты, æхсæнады социалон-политикон, наукон-зонадон бафарстытæн дзуаппытæ нæ уыд. Дзидзойты Валери йæхимæ райста бæрндзинады стыр хай, ныффыста чиныг "Депортацигонд адæмты сæ бынæттæй сыстын кæныны, реабилитаци сæ скæныны æмæ Кавказы этнополитикон уавæр".

Монографийы æртыккаг сæргонд йæ фæстæ сайы быцæу ныхас. Монографи хуыйны "Тыхми æмæ æнæтыхми политикæйы кæнæ Цæцæйнаг къуырцдзæвæн". Автор бындуронæй раиртæста наукон литературæ æмæ уæды мыхуыры фæрæзтæ XX æнусы 80-æм азты 1999 азы онг цы мыхуыр кодтой, уыцы æрмæджытæ. Дзидзойы-фырт йæхи равдыста хъуыддагзонæгæй, йæ ахст бынат бæрæг дары. Кæцыдæр дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ фыстой мæнг хабæрттæ, цæцæйнаг адæмы цардхъомады фарстатæ зыгъуыммæ æвдыстой. Бирæты зæрдæмæ уыдæттæ нæ фæцæуыдзысты, фæлæ автор уымæ нæ тырны.

Дыккаг томы ис æндæр ахсджиаг æрмæджытæ дæр, автор быцæу ныхасмæ сиды Цæгат Ирыстон æмæ Уæрæсейы Хуссайраг хайы историйы мæнг хабæрттæ фысджытæм. Лæмбынæг чи кæсдзæн чингуытæ, уыдон дзуаппытæ ссардзысты æппæт фарстатæн. Æртыккаг томмæ бахастæуыд æрмæст Цæгат Ирыстоны историон æрмæджытæ нæ, фæлæ ма Кæсæг-Балхъары республикæйы историимæ баст статьятæ, наукон куыстытæ. Дзидзойты Валери фынддæс азы бакуыста Кæсæг-Балхъары Х.М.Бербековы номыл паддзахадон университеты æмæ В.М. Коковы номыл паддзахадон аграрон университеты.

Йæ наукон куыстыты, статьяты сæйраг хæс у историон наукæ мæнг хабæрттæй бахъахъхъæнын. Æвæццæгæн, æппæт статьятæ, национ историографийы рæзты æрмæджытæ хъуамæ иу томы æрбамбырд кодтаид, уæд фæстаг æртын азы дæргъы кавказамоныны уавæрæн аргъ скæнæн уыдаид. Ацы хъуыддæгтæм Дзидзойы-фырты 'ргом хуымæтæг нæу. Цæгат Кавказы бирæнацион æмæ бирæконфессион адæмтæ сæ национ уидæгтæм, сæ кадджын историмæ лæмбынæг сты. Сæ "хъæбатыр ивгъуыд" сын сæ зæрдætæ тавы, "чи нæ басаст, уыцы рагфыдæлтæй" сæрыстыр сты, уыдæттæ сæ фæстæ сайынц мæнг æнкъарæнтæ Фыдыбæстæмæ, сæ адæммæ, сæ ивгъуыдмæ, национализм афтæмæй йæхиуыл схæцы. Уæрæсейы Хуссайраг хайы цæрæг адæмтæ афтæмæй фыссынц сæ адæмы рæзты истори, ахæм зонындзинæдты хицæуттæ сты алы республикæты.

Афтæмæй ахæм статьятæ парахат кæнынц мæнг историон цаутæ, рагон, астæуккаг историйы "ногдзинæдтæ" фæзынынц. Æргом дзырды бæрндзинадæн бынат куы нал ис, уыцы рæстæг историйы мæнгдзинæдтæ фысджыты гæнæнтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Сæ фылдæр вæййынц спортсментæ, хæстон службæгæнджытæ, хуызæнæн коммерсант кæмæй нæ рауад, ахæмтæ.

**Цыппæрæм томмæ чиныгараздджытæ бахастой 18 наукон куысты:** 17 статьяйы æмæ 2 монографийы. Баст сты фæссоветон Хуссар Ирыстон æмæ Абхазы нациты 'хсæн ахастытимæ, этнополитикон æмæ барадон зындзинæдтимæ. Бафиппайын æмбæлы, Дзидзойы-фырт ацы фарстатæ 40 азы дæргъы кæй иртасы, сæдæгай куыстытæ кæй ныммыхуыр кодта, семæ академион монографитæ дæр, уый. Историон æмæ политикон-барадон æмбарынадтæ, ома, паддзахад, нациты бартæ хæдбардзинад райсынмæ, суанг фæхицæн уæвынмæ æмæ ног хæдбар паддзахад саразынмæ, геноцид нымайгæйæ, профессор Дзидзойты Валери историон-барадон категоритæм уæлдай æргом здахы. Фæстаг томмæ бахастой, наукон конференциты ахуыргонд цы раныхастæ кодта, уыдон, суанг фæсарæнты дæр. Уæрæсейаг наукон журналтæ "Философия права", "Известия вузов. Северо-Кавказский регион. Общественные науки", "Северо-Кавказский юридический вестник" æмæ æндæртæ æхсызгонæй мыхуыр кæнынц ахуыргонды статьятæ, æрмæджытæ.

Цы ахсджиаг хатдзæгтæ скодта Дзидзойты Валери, уыдонæй спайда кæнæн ис Абхаз æмæ Хуссар Ирыстоны паддзахадондзинады фарстатæ иртасгæйæ. Афтæ сæ Кавказы национ-паддзахадондзинады арæзтады дæр спайда кæнæн ис. Уæрæсейы чысыл адæмты паддзахадондзинады фарстаты бындуры сæ сæвæрын æмбæлы. Кæронбæттæны мæ фæнды зæгъын: "Равзæрст фæллæйттæ"-йы цыппар томы дунейы рухс кæй федтой, уый тынг ахсджиаг цау у Кавказ амоныны хъуыддаджы. Дарддæр куыст Цæгат Ирыстон æмæ æфсымæрон республикæты кæй ахæццæ кæндзысты, уый мæ уырны.


ДЗИДЗОЙТЫ Валери


Петр КУЗЬМИНОВ













**Петр КУЗЬМИНОВ,**
**историон наукæты доктор,**
**Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты профессор**

Хъæбатыртæ нæ мæлынц

# Фыдыбæстæйы иузæрдион хъæбул

**Нæ Ирыстон рагæй-æрæгмæ хъæздыг у хъайтар æмæ номдзыд æфсæддонтæй, кæцытæ састой знаджы фидæрттæ, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау не 'вгъау кодтой сæ цард. Сæ нæмттæ баззадысты æнустæм дзыллæты зæрдæты. Уыдонæй иу — кæрдзыныхъæуккаг Мырыкаты Владимир. Лæгдзинад æмæ æхсардзинадæй æххæст, Хъæбатырдзинады ордены хъазуатон Мырыкаты Еруланы фырт Владимир райгуырд дыууиссæдз азы размæ Кæрдзыны хъæуы. Схъомыл æнгом æмæ цардуарзæг бинонты 'хсæн. Мырыкаты Еруслан æмæ йæ цардæмбал Абайты Розæ нымад уыдысты канд хъæубæсты нæ, фæлæ сыхаг хъæуты дæр; схъомыл кодтой дзæбæх цот, сахуыр сæ кодтой бирæ æгъдæуттæ æмæ хорз миниуджытыл, фæдзæхстой сын, цæмæй цæрой адæмимæ æнгомæй æмæ кæрæдзи уарзгæйæ. Еруслан бирæ азты дæргъы æнæзæрдæхудт фæллой фæкодта мыдыбындзыты совхоз "Бехъайнаджы". 2007 азы куыствæллад фæллойы ветеран 69-аздзыдæй ахицæн йæ цардæй.**

Æрæджы фембæлдыстæм Ладемыры (афтæ Владимиры буцæн хуыдтой хиуæттæ) хистæр хо Наташæ æмæ йæ цардæмбал Дауиаты Артуримæ. Наташæ куыд радзырдта, афтæмæй Ладемыр йæ сабибонтæй фæстæмæ уыдис куыстуарзаг, коммæгæс, æмгарджын. Бынæттон скъола каст куы фæцис, уæд бацыд ахуырмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультетмæ. 2001 азы, дыккаг курсы куы уыдис, уæд æм фæззæджы фæсидтысты Уæрæсейы æфсады рæнхъытæм. Йæ хæс æнтыстджынæй сæххæст кодта Хуссайраг æфсæддон зылды уæлдæфон-десантон æфсæдты горæт Новороссийскы. Хъæумæ куы сыздæхтис, уæд йæ ахуыры фæндагыл дарддæр нал ацыд, йæ зæрдæмæ фæцыд æфсæддон службæ æмæ 2004 азы бафыста контракт. Афтæмæй дыууæ æмæ ссæдзаздзыдæй ногæй æрлæууыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты.

Къорд азы уыд Цæцæны республикæйы терроризмы ныхмæ тохгæнджыты сконды, у хæстон архайды ветеран. 2005 азы хорзæхджын æрцыд майдан "За отвагу"-йæ, фæцис уæззау цæф. Иу заман цыбыр рæстæгмæ рацыд службæйæ. Йæ зæрдæ ницавæр æндæр куыстæй рухс кодта, æмæ та бафыста контракт Росгвардийы æфсæддон разведкæимæ, уыдис разведчик-снайпер (рæстдзæвин). Тынг уарзта йæ дæсныйад æмæ зындзинæдтæ дæр ницæмæ дардта.

— "Уыдис" зæгъын мæ зæрдæ бæргæ нæ комы, — дзуры Наташæ, — афтæ мæм кæсы, цыма та Ладемыр тагъд æрцæуыдзæн йæ службæйæ. Йæ хæрз чысылæй фæстæмæ дæр уыд сæрæн, æфсæддон цардыуаг змæлыд йæ тугдадзинты гыццыл лæппу ма куы уыд, уæд. Украинæмæ сæрмагонд æфсæддон операцимæ цæуыны рæстæг куы 'рцыд, уæд нæ никæй домæнтæ æмæ куырдиæттæм байхъуыстаид, уый мах æмбæрстам. "Ме 'мбæлттæ уым мæлгæ кæндзысты, æз та мæхи бамбæхсон?", — уыд йæ ныхас. Абон хъуыды кæнæм йæ ныхæстыл æмæ æмбарæм: Ладемыр æндæрхуызон дзуапп куы радтаид, уæд уый мах Ладемыр нæ уыдаид, — кæнынц дарддæр сæ ныхас Наташæ æмæ Артур.



Украинæмæ ацыд фыццагдæртимæ, хицауадæй куырдта, цæмæй йæ арвитой, уымæн æмæ йæм ис бирæ азты хæстон фæлтæрддзинад. Хæцæг æфсады рæнхъыты уæвгæйæ, Ладемыр уыдис ныфс кæстæр салдæттæн, разæнгард сæ кодта хъæбатыр тохмæ, йæхæдæг-иу тохты рæстæг архайдта арæхстджын æмæ æхсарджынæй.

...Ладемыры сластой Кæрдзынмæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы йемæ иумæ чи уыд, хорз æй чи зыдта, уыцы хæстонтæ цалдæрæй. Бæлвырд æмæ бæстонæй куыд радзырдтой, афтæмæй сæ къорд карз тохы бацыд, нымæцæй бирæ фылдæр цы знæгты æфсад уыд, уыимæ. Вовæйы (афтæ хуыдтой Ладемыры йæ хæстон æмбæлттæ) арæхстджын архайды руаджы сæ бон бацис украинаг националистты къорд ныддæрæн кæнын. Ладемыры æмбæлттæ ма дзырдтой, сæ цард-цæрæнбонты йæ кæй никуы ферох кæндзысты, уымæн æмæ уый куы нæ уыдаид, уæд сæ бирæтæ абон æгас нæ уаиккой, афтæ бузныг æмæ сæрыстыр дзы сты йæ аудындзинад æмæ йæ хъæбатырдзинадæй. Фидарæй дзырд радтой, Вовæйы туг кæй райсдзысты знагæй. Уæдæй фæстæмæ сармадзаны нæмгуытыл дæр ма ныффыссынц "За Вову Мрикаева". Ладемыры мад Розæйæн нал бантыст йæ хъæбулы фенын, уæззау низы азарæй ахицæн йæ цардæй 6 майы, Ладемыр та фæмард йæ æфснайыны бон.

Ивгъуыд фæззæджы октябры мæйы æфсæддон разамынд фехъусын кодта, Уæрæсейы Федерацийы Президент В. В. Путины Указмæ гæсгæ хистæр сержант Мырыкаты Ерусланы фырт Владимирæн йæ лæгдзинад æмæ æхсардзинады тыххæй лæвæрд кæй æрцыд Хъæбатырдзинады орден. 28 декабры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Украинæйы цы ирыстойнаг хæстонтæ фæмард, уыдоны бинонтæ æмæ хиуæттæн кадджын уавæры радта хæрзиуджытæ.

— Æмбарæм æй, уæ уæззау рыст кæй ницавæр ныхæстæй ис фæкъаддæр кæнæн æмæ нæ æдзард хæстонты раздахæн. Барджынæй сæрыстыр уæвын у уæ бон нæ хæстонты сгуыхтдзинæдтæй, уыдон се 'ппæт дæр равдыстой æцæг лæгдзинад æмæ удуæлдайдзинад, сæ цард нæ бавгъау кодтой æфсæддон хæс сæххæст кæнынæн. Хъыгзæрдæйæ уын тæфæрфæс кæнын, — загъта республикæйы Сæргълæууæг, хæрзиуджытæ дæтгæйæ, æфсæддонты хæстæджытæн.

Хъæбатыр хæстон, хъæздыг удварн, уæздандзинад æмæ æхсары хицау Мырыкаты Владимиры орден йæ фæстæ схæццæ йæ хиуæттæм, йæ уарзон хъæу Кæрдзынмæ. Йæ æфснайыны бон ын хорз кад скодтой районы æмæ республикæйы хицауад, æфсæддон разамынд. Стыр æгъдау равдыстой цæрджытæ, уæлдайдæр хъæуы хистæр — 90-аздзыд Богазты Арсæмæг. Кæрдзыны фæсивæд, сæ сæргъы Милдзыхты Аслан, хъæуы астæу бакодтой Ладемыры номыл банер йæ нывимæ. Зианы бон ссæуыны фадат кæмæн нæ фæцис, уыцы хæстон æмбæлттæ ссыдысты йæ дыууиссæдзæм бонмæ æмæ та тынг фæхъыг кодтой Ладемыры ингæны уæлхъус. Фидар ныфс нæ ис, уыдон се 'ппæт дæр кæй сыздæхдзысты уæлахиздзаутæй сæ фæрныг хæдзæрттæм.

**КЪУБАЛТЫ Аркади,**
**Уæрæсейы Журналистты цæдисы уæнг**

Æмбисæндтæ

## Хæсты цæхæр

***Дыууæ знаджы иу топпæй не 'хсынц.***

*Знагимæ æнæ гæрзтæй хæцын зын у.*

***Знагмæ æнæ хæцæнгарз ма 'взид.***

*Хæсты бон цæуыл фæхæст уай, уымæй хæцын хъæуы.*

***Хæцæнгарз хæсты бон — хъазуат æвдисынæн.***

*Хæстон лæг ронбæгъд нæ уарзы.*

***Хæстон лæгæн йæ нæмыг зынаргъ у.***

*Уый арвы нæрд нæ уыди — саглæджы топпы гæрах уыди.*

***Мардзæ йæ кард уыди, тох-тох йæ топп уыди.***

*Йæ хъыримаг галау ныууасыд.*

***Хæстоны цæстытæ цæхæртæ калынц.***

*Хæстон лæг адзалæй нæ тæрсы.*

***Иу мæлæт Хуыцауæй дарын.***

*Хæстмондаг лæгмæ мæлæт хæстæг у.*

***Хæсты тыхæвзарæн хъæуы.***

*Хæст хæст у 'мæ дзы хæцын хъæуы.*

***Хæст хъаруйæ у, бирæ ницы амоны.***

Форум

## Фæндæгты æдасдзинады тыххæй

**Афтæ зæгъæн ис, æмæ Уæрæсейы Президент Владимир Путин фæдзæхсы фæсивæды 'хсæн фæндæгты æдасдзиндимæ баст фарстатыл æмбарынгæнæн куыст кæнын. Фæндæгтыл фистæгæй цæуджытæн, машинæты хицæуттæн хъуамæ алцыдæр лæмбынæг æмбæрстгонд цæуа. Уыдæттæ не ппæтæн дæр ахсджиаг сты æхсæнад æмæ нациты иумæйаг æдасдзинады тыххæй.**

Президент фæсивæдмæ уæлдай æргом кæй здахы, уый нын ахъуыдыйы аккаг у. Ныртæккæ æрыгæттæн сæ удты бауагътой æхцамæ уарзондзинад, алкæй дæр хъæздыг уæвын фæнды. Сæ фылдæрæн магнаттæ, ома, нефты, газы хицæуттæ, давджытæ, цæстфæлдахджытæ, къазнайæ давджытæ систы фæзминаг. Уыдон та æрыгæттæй дард сты. Фæсивæдæн æмæ нæ цотæн мæнг ныхæстæ кæнын ныууадзын хъæуы, фæлтау бавналæм æцæг хъуыддæгтæ аразынмæ. Нæ бон у барадхъахъхъæнæг оргæнтæн æххуыс кæнын.

Цавæрдæр пиар-акцитæ, дунеон алыхуызон æвзæгтыл фыст рекламæтæ республикæйы алы къуымты ауыгъдæй сты æдасдзинады фыццаг знæгтæ. Адæм хъуамæ зоной, бæстæйы разамонæг хицауады размæ цы хæстæ æвæры, куыд сын æнтысынц, уыдæттæ.

**Мах æнæмæнг хъæуы:**

— "Фæсивæды æдасдзинад — фæндæгтыл"-ы форум саразын, ныртæккæ йæ цæттæдзинад хæццæ кæны 50 процентмæ.

— Ацы аз хъуамæ форумы сарæзты гæххæттытæ цæттæгонд æрцæуой.

— Форумы архайджыты хыгъд, йæ кусæг къорд ын саразын.

— "Фæсивæды æдасдзинад фæндæгтыл"-ы гимн цæттæ у, райхъуысдзæн уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл.

— Аграрон университеты ректоримæ форум скæныны бынат сбæрæг, иу хатт ма йæ хъæуы фæбæлвырд кæнын.

— Форумы фæлгæты рæзгæ фæлтæры æдасдзинады æхсæнадон уагдон саразын. Куысты пълан хъуамæ дыууæ 'взагыл фыст æрцæуа.

Уыдæттæ нæ хъæуынц нæ фæсивæдæн фæндæгтыл æдасæй цæуыны фæтк бæстон бамбарын кæныны тыххæй, сæ фæстæ цы фæлтæртæ цæуынц, уыдонæн дæр æмбæрстгонд куыд цæуой, афтæ. Фæндæгтæ хъуамæ уой æмхуызон æдас, кæйдæр æнæсæрфат миты тыххæй адæм хъуамæ ма сæфой.

**ГУЫБАТЫ Витали,**
**Мидхъуыддæгты министрады оргæнты ветеран**

## Спортивон фидиуæг



**Аивадон гимнастикæ**

# Нæ чызджытæ уыдысты хуыздæртимæ

**Аивадон гимнастикæйæ ивгъуыд къуыри Сочийы цыдысты Цæгат Кавказ æмæ Хуссайраг федералон зылдты иумæйаг чемпионаты ерыстæ.**

**нæ Мартиросян**, афтæмæй бацахста 1-аг бынат.
Чемпионаты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Цæгат Кавказ æмæ Хуссайраг федералон зылдты номæй



Ирыстоны гимнасткæтæ хорзæхджын систы дыууæ сыгъзæрин æмæ дыууæ бронзæ майданæй.

Хицæн спортсменты 'хсæн спорты мастеры программæйæ ерысты 1-аг бынат рамбылдта **Гæдзæонты Аминæ**, 3-аг бынат та бацахста **Маргаритæ Билимович**. Сæ тренертæ сты **Алия Апакова** æмæ **Дзугаты Альбинæ**.

Къордгæйттæй ерысты РЦИ-Аланийы иугонд командæ: **Фæрниаты Беллæ, Цырыхаты Дзерассæ, Валерия Самойлова, Бесолты Аминæ, Хуыбылты Аланæ** æмæ **Алисæ Милевич** — бацахста 3-аг бынат. Нæ командæйы тренер у **Иринæ Золотарева**.

Спорты къорд хуызтæй командон ерысты Ирыстоны командæ, йæ рæнхъыты: **Гæдзаонты Алинæ, Маргаритæ Билимович, Элинæ Дугина, Ангели-**

Уæрæсейы чемпионаты архайдзысты аст чызджы, уыдонæй æртæ сты Ирыстоны спортсменкæтæ: **Гæдзаонты Аминæ, Маргаритæ Билимович** æмæ **Мæргъиты Алинæ**.

Нæ командæйы тренер Иринæ Золотарева ацы бæрæггæнæн банымадта хорзыл.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дыууæйæ дæр уый аккаг сты

**(Райдайæн 2 фарсыл)**

Ныр та нæ сæйраг æмæ зындæр фарстамæ рахизæм. Екатеринæ, дыууæ цæхæрзæрдæ Иры хъæбулы, Гаглойты Рутен æмæ Хъæбæлоты Билары, стыр лæггæдтæ сæ радтæг адæмæн куыд бирæ уыдысты, уый бæлвырд фæфыста, уыдон фæлхат кæнын нал хъæуы.

Фыдæлтæ-иу куыд загътой, ногуард миты фæндаг акæнын æппæты зындæр вæййы, фыццаг разæй чи ацæуы, уымæн Рутен дæр уыцы фыццаг цæуæг æмæ фæдгæнæг уыди. Гуырдзы куыд ныхмæ уыдысты ацы фæндаджы арæзтадыл, уый Рутенæй хуыздæр ничи æмбæрста, стæй цыфæнды чъизи митыл дæр нæ бафсæрмы кæндзысты, цавæрфæнды закъоны сæрты дæр ахиздзысты, æрмæст сæ фæнд сæ къухы бафтæд. Рутен уыдон иууылдæр, чиныджы кæсæгау, зыдта æмæ уыдта йæ фæстиуджытимæ, фæлæ йæ архайд мисхал дæр нæ фæкъаддæр кодта, уымæн æмæ йæ тыхст æмæ рыст уыдысты ацы фæндаджы арæзтад, йæ сомбон. Скодта йын проекттæ цыппар хуызы, фыццаг срæмыгъд дæр йæхæдæг сарæзта.

Фыццаг кæддæриддæр фыццаг у, бирæ зындзинæдты сæрты ахизын фæхъæуы. Рутены хуызæн, кæд æй бæлвырд зыдта, Гуырдзыйы хицауад æй æнæфыдбылызæй нæ бауадздзысты кусын, уæддæр йæ куыст кодта, фæлæ уыдон дæр сæ куыст бакодтой, алы хахуыртæ йыл æрымысыдысты, æмæ, цы 'рцыд, уый æрцыд.

Гаглойты Рутены архайдыл рацыд цалдæргай дæсгай азтæ, Ручъы фæндаджы арæзтад кæмдæр аууоны аззад, æрмæст 1961 азы Хъæбæлоты Билар партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг нымæрдар куы сси, уæд уый активон архайдæй ацы ахсджиаг фарста йæ бынатæй фенкъуысыди, сног æй кодта. Хъæбæлойыфырт Мæскуыйы уæлдæр хицауадæй кæй дуар нæ бахоста цалдæр хатты, райдай уæды ЦК-йы фыццаг нымæрдар Н.С. Хрущевæй, ахæм дзы нæ баззад, æмæ боны фæстаг, уæддæр 1971 азы 16 ноябры Советон Цæдисы Министрты Совет рахаста уынаффæ 1973-1975 азты Ручъы фæндаджы арæзтад райдайыны тыххæй. Фæлæ та фæндаджы арæзтады ныхмæ Гуырдзы ногæй фыссын æмæ хъаст кæнын байдыдтой Мæскуымæ.

Мæнæ дарддæр куыд фыссы Екатеринæ: "Æппынфæстаг, Советон Цæдисы Коммунистон партийы Центрон Комитет уынаффæ рахаста фарста æвæрццæгæй алыг кæныны тыххæй". Хъæбæлойыфырт уæлдæр хицауады дуæрттæ æмæ къæсæртæ куы нæ фæхостаид, уæд, чи зоны, абон нын цы фæндаг ис, уый дæр нын нæ уыдаид. Чи зоны? Чи зоны?

Æцæг æмбæрстгонд нæу: Рутены проектыл конд цæуылнæ æрцыд? Хуссарварс гуырдзиаг "Тунелстрой"-æн баргонд уыди цæмæндæр. Цæмæн? Тæригъæд куы зæгъон, мыййаг, фæлæ кæд сæ хъомыс æвзæрæрдæм фæбæрæг ис. Хуыцау рæстмæ тæрхонгæнæг фæуæд.

Иры дыууæ стыр патриоты æмæ се 'мхъуыдыгæнджыты нæмттæ сæнусон кæныны тыххæй Лалыйы-фырты хъæппæрис банымайæн ис æрмæстдæр хорзыл. Æз ма сæм бафтауин, алкæй бюсты бынмæ дзы, алчидæр ацы фæндаджы тыххæй цы базырджын ныхæстæ загъта, уыдон:

Рутен: "Уымæй фæстæмæ мæ зæрдæ карздæр цы хорзыл кæуы. Сихор куы хæрин æз Дзауы, 'Хсæвæр — Дзæуджыхъæуы"

Билар: "Этому хребту сломаем хребет"

Сæрмагондæй тъунел кæй ном хæсса, уый та, адæм иумæйагæй кæй ном зæгъой, уый. Дыууæ дæр аккаг хъæбултæ сты, фæлæ йæ кæд адæм "Рутены тъунел" хонынц, уæд уал афтæ уæд, уый фæстæ рæстæг йæхи амондзæн. Бон цæуы æмæ фарн хæссы!

**МАМИАТЫ Таймураз,
æхсæнадон уацхæссæг,
РЦИ-Аланийы литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал "Мах Дуг"-ы дунеон премийы лауреат**

## Равдыст

# Сылгоймаджы сурæт — нывгæнæджы цæстæй

**Дзæуджыхъæуы Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы байгом ирон нывгæнджыты равдыст "Сылгоймаджы сурæт".**

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады пресс-службæ. Мадзалмæ æрбацæуæг адæм фендзысты, нæ республикæйы 82 нывгæнæджы 130 куысты — графикæ, скульптурæ, декоративон аивады.

Уыдон сты: Челæхсаты Магрез, Джыккайты Мурат, Мæргъиты Таймураз, Калманты Алан, Цæгæраты Валери, Гасынты Жорж, Æхполæтты Æхсарбег, Анастасия Евграфова æмæ иннæты цымыдисаг куыстытæ.

Экспозици кусдзæн 15 мартъимæ.

Равдыстмæ бацæуæн ис лæвар

**Нæ уацхæссæг**

## Не 'мзæххоны сæрæндзинад

# Лæджы райгас кодта

**Ирыстойнаг нейрохирург Цæрикъаты Алан фервæзын кодта адæймаджы Мæскуыйы стадионтæй иуы.**

Уæрæсейаг телеканал "Россия-1" куыд фехъусын кодта, афтæмæй тренировкæйы рæстæг спортсментæй сæ иуæн æрлæууыд йæ зæрдæ. Йæ амондæн, уыцы уысм æм хæстæг ран фæци зындгонд мæскуыйаг нейрохирург **Цæрикъаты Алан**. Уый æвæстиатæй райдыдта массаж кæнын лæппуйы зæрдæйæн, уæдмæ æрбахæццæ "Тагъд æххуысы" хæдтулгæ дæр, æмæ лæг йæхимæ 'рцыд.

**Нæ уацхæссæг**

## Фыдбылыз

# Рынчындонмæ бахаудтой

**Дзæуджыхъæуы скъолатæй иуы хистæркъласонты 'хсæн хыл кæй рауад, уый аххосæй дыууæ 17-аздзыд лæппуйы алыхуызон цæфтимæ бахаудтой рынчындонмæ.**

Ацы хабар фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ. Ведомствæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, пъæлицæйы кусджытæ быцæуы æппæт æууæлтæ бæлвырд кæнынц. Хылы тыххæй хабар фехъусын кодтой прокуратурæ æмæ слестгæнæг комитетæн дæр.

Ахуыргæнæндон æххæст кæны хъаугъайæ бахизынмæ арæзт мадзæлттæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ амæй размæ амынд скъоладзаутæ æнахъомты хъуыддæгты фæдыл къамисы номхыгъдмæ хаст нæ уыдысты.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

## Æцæг хабар

# Цы бауыдаид мæгуыр лæг?

Кæлийы мады мад Уæлинка кадджынæй базæронд. Йæ рæстæджы уыдис сæ хъæуы ног цардаразæг. Фæлæ бонтæ азгъордтой, Уæлинкайæн йæ иунæг чызг йæ амонд ссардта. Хуыдтой йæ сæхимæ цæрынмæ сиахс æмæ чызг, фæлæ не сразы Уæлинка — сиахсы фæсдуары бæсты — йæхи къуым. Уарзта хъæууон цард, дардта фос, йæ бон цас уыд, уымæй æххуыс кодта йæ хæрæфырттæн. Никуы сивта йæ зæрдæ йæ хъæубæстыл, йæ сыхыл. Фæлæ йыл низтæ тых кæнын куы байдыдтой, уæд бар-æнæбары йæ чызгмæ Дзæуджыхъæумæ ацæуыныл сразы.

Ныр йæ цардæй ахицæн, æмæ йын йæ зиан хъæумæ аластой. Хæдзары (цардысты хи бæстыхайы) баззайдзæн Кæли иунæгæй. Йæ мад ын бафæдзæхста: "Исчи ардæм куы 'рбацæуа, мыййаг, уæд зæгъдзынæ, хъæуы уæлмæрды йæ æвæрдзысты".

Кæли хæрз æрыгон чызг у, æмæ катай кæны, куыд уыдзæн ахсæв иунæгæй? Рынчын кæм хуыссыд, уыцы сынтæгмæ та бакæсы, æмæ йæ уæнгтæ нырризынц — афтæ йæм кæсы, цыма уазал уæлдæф зилдух кæны сынтæджы алфамбылай.

— Ахсæв ма ам лæуу, — лæгъстæ мын кæны Кæли. Райсом ахуырмæ ардыгæй иумæ ацæудзыстæм.

Фæлæ мæн дæр нæ фæнды...

— Ацы агъуыст сæхгæндзыстæм, æмæ иннæйы иу сынтæгыл бахсæвиуат кæндзыстæм, — дзуры та мæм Кæли.

Сразы дæн, уæдæ ма мын цы гæнæн уыд.

Тæрсгæ-ризгæйæ бахуыссыдыстæм цырагъы рухсмæ.

Иу афон мæ хъустыл ауадысты цыдæр æнахуыр мыртæ. Фыны февзæрдтæн цъæх нæууыл. Сæрдыгон хурбон. Чысыл æддæдæр хизынц фос. Се 'хсæн — егъау гал. Йæ сæр сдардта æмæ мæнмæ фæкомкоммæ. Йæ сыкъатæ размæ фæцарæзта, афтæмæй мæм сындæггай æрбацæуы. Æрлæууы, ныббогъ кæны, йæ раззаг къахæй зæхх æрцæвы, ныууынæргъы, æмæ та цалдæр къахдзæфы æрбакæны мæнырдæм.

Æз æвиппайды фехъал дæн. Сæрдыгон хур рудзгуытæй агъуыстмæ ныккаст. Гом дуарæй зыны кæрт, цъиуджын карк дзы йæ къуырттимæ рацу-бацу кæны.

Хуыссæны — æз иунæгæй. Кæли сыстад, фæлæ никуыцæй зыны. Æвæццæгæн, цæхæрадонмæ йæхи айста, зæгъгæ, куыд ахъуыды кодтон, афтæ та уыцы æнахуыр уынæргъын мæ хъустыл ауад. Фыны цы уасын хъуыстон, уый хæстæгæй-хæстæгдæр... Æрæджиау ма йæ бæргæ фембæрстон, уый нæлгоймаджы кæуын кæй у. Фæлæ уæдмæ кæуæг лæг уаты дуармæ æрбахæццæ. Æз фырадæргæй хъæццул мæ сæрыл амбæрзтон.

Лæг агъуыстмæ куы 'рбахызт, æмæ сынтæгыл дæргъæй адæймаджы æндæрг куы ауыдта, сæрæй къæхтæм æмбæрзтæй, уæд "йеха"-гæнгæйæ йæхи "мардыл" ныппæрста.

Бирæ хæрзтæ зыдта, æвæццæгæн, уыцы нæлгоймаг Уæлинкайæ. Йæ кæуын къултæ арыдта. Мæ бон нæ фезмæлын, нæ сулæфын нал уыд, лæг мыл афтæ ныддæлгом. Арахъхъы тæф хъæццулы бын смидæг , мæ улæфæнтæ ахгæдтой. Мæ цæсгом фегом кæнон, зæгъгæ, куыд ахъуыды кодтон, афтæ Кæлийы дзурын мæ хъустыл ауад. Нæлгоймагмæ цыдæр сдзырдта æмæ йæ кæртмæ ракодта.

Æз иу цасдæр рæстæг мæхимæ нал æрцыдтæн.

— Хуыцау хорз, æмæ йæм не скастæ, — загъта мын ме 'мбал. — Цы бауыдаид мæгуыр лæг?

**БАСКАТЫ Эльзæ**

## Цæгат Ирыстоны 100 азы кадæн

# Ног киноныв

**Фидæн аз Цæгат Ирыстоны автономийыл 100 азы кæй æххæст кæны, уый фæдыл æрæджы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Национ музейы уыд документалон киноныв "Этапы большого пути"-йы фыццаг æхгæд равдыст.**

1924 2024
ЛЕТ АВТОНОМИИ СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

бæрæг кæндзæн йæ автономийы юбилей. Советон хицауад куы 'рлæууыд, уæд 1924 азы автономон облæст сси раздæр, уый фæстæ та — республикæ. Киноныв æвдыст цæуы, Ирыстон æрыгон Советон Уæрæсейы паддзахады скондмæ куыд бацыд, уыцы цауыл. Уый у йæ фыццаг хай, дарддæр дæр ма сисдзысты медиагруппа "Ярче", Мыхуыр публикæйы историон цау. Æмæ иннæ аз бæрæг кæндзыстæм 100 азы юбилей, — загъта Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар **Фидараты Юри**.

Документалон кинонывыл бацархайдта медиа-группа "Ярче"-йы режиссер Æлбегаты Артур.

Мадзалы архайдтой Цæгат Ирыстоны хицауады оргæнты, интеллигенцийы æмæ наукон æхсæнады минæвæрттæ.

Адæмæн æй сæ бон фенын уыдзæн ацы мæй "Осетия-Ирыстон"-ы телеравдысты.



Киноныв уыдзæн дыууæ хайæ. Фыццаг хай систой æмæ бацæттæ кодтой ивгъуыд аз æмæ йæ равдыстой цалдæр боны размæ. Кинойы æвдыстой æмæ дзырдтой республикæйы историон райрæзтыл 1924-1982 азты.

— Куыд зонæм, афтæмæй 2024 азы Цæгат Ирыстон æмæ дзыллон фæрæзты бардзырдмæ гæсгæ, дыккаг хай. Ацы документалон киноныв нæ фæсивæдæн стыр пайда у, уымæн æмæ бирæтæ нæ зонынц нæ фыдæлты истори, цы къахдзæфтæ акодтой, цæмæй нæ адæмы аирвæзын кæной æмæ, Уæрæсеимæ куы баиу сты, уый уыд нæ рес-

Музыкæ йын ныффыста композитор **Махъоты Ацæмæз**. Проект бацæттæ кодтой Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты фæрæзты бардзырдæй.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ
Къам систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

## Адæмæн зонинаг

# Кæдæм бадзурын хъæуы æнæбыхсгæ тагъд æххуысы фæдыл

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы кусы æнæбыхсгæ тагъд æххуысмæ фæдзурыны оперативон службæйы иугонд номыр "112" (системæйы ном цыбыргондæй у РЦИ-Аланийы Системæ — 112)**

**РЦИ-Аланийы Системæ — 112-ы сæйраг нысантæ:**

— æнæбыхсгæ тагъд æххуысмæ фæдзурыны оперативон службæйы организаци "иу ранымæ"-гæсгæ (аирвæзыны иугонд службæ);

— фæдзурыны рæстæг (æнахуыр хабар хъусынгæнинаджы тыххæй) æмхæст мадзæлтты сарæзты æвæстиат фезмæлд æмæ æнæбыхсгæ тагъд æххуысы оперативон æмæ аварион службæты æмархайды бирæ мадзæлттæ саразын.

Номыр "112" æрыздухын хъæуы ахæм цауты фæдыл:

— цардæн тæссаг;

— æнæниздзинадæн тæссаг (æнæбыхсгæ цау);

— материалон сæфтыты тæссаг (æнæбыхсгæ цау);

— психологон æххуыс райсыны æнæбыхсгæ увæры;

— æнæбыхсгæ увæры царды æдасдзинады тыххæй уынаффæ райсыны фæдыл.

Номыр "112" кусы лæвар æмæ суткæйы дæргъы:

— фидаргонд бастдзинады телефонтæй (стационарон æмæ "хæдзарон");

— змæлгæ бастдзинады (дзыппыдаргæ, мобилон) телефонтæй, уыимæ, æнæ SIM картæйæ;

— æхсæнадон телефонтæй — автоматтæй.

**Номыр "112"** нæ ивы æнæбыхсгæ тагъд æххуысы оперативон службæйы номыртæ, уæ бон у бадзурын ахæм номыртæй: 01, 101, 02, 102, 03, 103, 04, 104. æнæбыхсгæ оперативон æмæ аварион службæйы тыхты радгæстæм номыр "112" æрыздухыны ныртæккæ цы цау æрцыд, кæнæ цæуы, ахæм æнæбыхсгæ увæрты дæнцæгтæ:

— зынгсирвæзт;

— газы тæф тынг цæуы фатеры, уæладзыджы, кæнæ хæдзармæ бахизæны;

— фæндагон-транспортон фыдбылызы;

— хæдзарон тыхмийы ахæсты бахаудтат;

— фыдракæнды æвдисæн систут;

— æхсæнадон æгъдау хæлд цæуы.

Медицинон æххуысы радхæссæг бригадæтæм фæдзурыны тыххæй номыртæ "112", "03" кæнæ "103" æрыздухыны æнæбыхсгæ увæрты дæнцæгтæ:

— зæрдæхъæрм;

— гæндзæхтæ цæгъдын;

— улæфт æвиппайды нæ фаг кæнын;

— зæрдæйы 'рдыгæй æвиппайды рыстытæ;

— туг омын;

— цæхгæр рыстытæ гуыбыны 'рдыгæй;

— тугцыд, уæззау цæфтæ, маргбанызт (маргбахæрд);

— цæрæгойты фæхæцтытæ;

— буары бæрзонд тæвдæй фæуадзыг уæвын.

**Макуы кæнут фæлварæн дзæнгæрджытæ номыр "112"-мæ.** Фæлварæн дзæнгæрджытæ ахсынц телефон æмæ операторты рæстæг. Системæ "112" æдзухдæр хъуамæ уа сæрибар, æнæбыхсгæ хъуыддæгты фæдыл цы адæм дзурой, уыдонæн.

**Уæ зæрдыл дарут: дзæгъæл фарстытæй Системæ "112" бацахсгæйæ, сымах тæссаг увæры æвæрут радхæсджытæ æрцæугæ фыдбылызтæм (æвæстиат увæртæм) фæрæзтæ æмæ тыхтæ арвитын кæй ныффæстиат кæндзысты, уый.**
**Æнæбыхсгæ оперативон службæ**
**(Уæрæсейы Федерацийы Хицауады уынаффæ №894, 31.12, 2004 аз)**

| Æнæбыхсгæ оперативон службæйы РЦИ-Аланийы Системæ -112 | Телефонтæ | |
|---|---|---|
| | Стационарон | Дзыппы даргæ |
| Зынгсирвæзтæй хъахъхъæныны æмæ æнæнхъæлæджы увæрты архайды службæ | **01** | **101** |
| Пъæлицæ (радон хайад) | **02** | **102** |
| Медицинон тагъд æххуысы службæ (радон-диспетчерон службæ) | **03** | **103** |
| Газы аварион службæ (радон-диспетчерон службæ) | **04** | **104** |
| Службæ "Антитеррор" (оперативон радгæс) | **8 (8672) 59-73-11, 53-41-84** | |

**Терроризмы ныхмæ архайды республикон къамис**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Сыхæгтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Туаты Жаннæйæн, йæ мад

**ТУАТЫ-КЪУЫМÆЛЛÆГГАТЫ
Зоя**

цардæй кæй ахицæн, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 16 февралы, цыппæрæмы, Дзæуджыхъæуы, Леваневскийы уынджы 279-æм хæдзарæй.

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Хъæдохты Аркадийæн, йе 'фсымæры лæппу

**ХЪÆДОХТЫ
Вадикы фырт Батрадз**

цардæй кæй ахицæн, уый фæдыл.

**Сварочные работы: лексан, ворота, перила, решетки — качественно, недорого. Инстаграм: svarka015 ТЕЛ.: 8-918-706-65-15.**

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3441.
Заказ № 170.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru**